**दिन–मंगलवार** **दिनांक–22.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

संघ लोक सेवा आयोग सिविल सेवा परीक्षा दू हजार चौबीस के परिणाम घोषित कऽ देलक अछि। जारी परिणामक अनुसार प्रयागराजक शक्ति दूबे पहिल स्थान प्राप्त कयलनि अछि। हर्षिता गोयल दोसर जखनकि डोंगरे अर्चित प्राग देशभरि मे तेसर स्थान पर रहल। सीतामढ़ी जिलाक अथरी गामक रहनिहार राजकृष्ण झा देशभरि मे आठम स्थान प्राप्त कयलाह अछि। ओतहि, बक्सर जिलाक राजपुर प्रखंड कुसरूपा गामक हेमंत मिश्रा तेरहम स्थान आ जमुईक रहनिहारि संस्कृति त्रिवेदी सतरहम स्थान प्राप्त कयलनि अछि। पहिल दस टॉपर मे चारि गोट महिला उम्मीदवार शामिल छथि। परीक्षा परिणाम मे बिहारक तीन उम्मीदवार टॉप ट्वेंटी लिस्ट मे शामिल छथि। परीक्षा मे कुल एक हजार नओ उम्मीदवार सफलता प्राप्त कयलक अछि।

---

विधानसभा चुनाव के लऽकऽ एनडीए आ इंडिया गठबंधन मे बैसकक दौर शुरू भऽ गेल अछि। हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी आइ नव दिल्ली मे केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह सँ भेट करताह। जनतबक अनुसार आइ सांझ होयबला एहि बैसकक दरमियान चुनावी रणनीति पर चर्चा कयल जायत।

---

एक राष्ट्र एक चुनाव पर संयुक्त संसदीय समितिक महत्वपूर्ण बैसक आइ दिल्ली मे संसद भवन मे आयोजित कयल गेल। बैसक मे जे.पी.सी के सभ उनचालीस सदस्य शामिल भेलाह। बैसक सँ पहिने मीडिया सँ बात करैत एक राष्ट्र एक चुनाव पर जे.पी.सीक अध्यक्ष पी.पी चौधरी कहलनि जे एक राष्ट्र एक चुनाव राष्ट्रहित मे अछि। कियाकि एहि सँ अर्थव्यवस्था के लाभ होयत। ओ कहलनि जे बेर–बेर चुनाव होयबा सँ शिक्षा व्यवस्था पर सेहो असरि पड़ैत अछि।

---

प्रदेशक बेसीतर भाग मे गर्मीक प्रकोप बढ़ि गेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार संपूर्ण प्रदेश मे अधिकतम तापमान मे अप्रत्याशीत बढ़ोतरी दर्ज कयल जा रहल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान पश्चिम चंपारण, सीवान, सारण, बक्सर, भोजपुर, रोहतास, भभुआ, अरवल, औरंगाबाद समेत राज्यक उत्तर–पश्चिम आ दक्षिण–पश्चिम भाग मे अधिकतम तापमान बेयालीस डिग्री सेल्सियसक लऽग पास दर्ज कयल गेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू दिनक दरमियान अधिकतम तापमान मे चारि सँ छओ डिग्री सेल्सियस के आओर वृद्धि होयत। किछु इलाका सभ मे लू चलबाक संभावना के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

---

विश्व मे पर्यावरण संरक्षणक प्रयास मे समर्थनक लेल आइ पृथ्वी दिवस मनाओल जा रहल अछि। एहि बरख पृथ्वी दिवसक विषय अछि– **हमारी शक्ति हमारा ग्रह।** पृथ्वी दिवसक उद्देश्य पर्यावारण संबंधि मुद्दा के बारे मे जागरूकता बढ़ेनाइ आ धरतीक रक्षाक लेल कार्रवाई के प्रेरित केनाइ अछि। एहि अवसर पर प्रदेश मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। एहि मे लोक सभ कँे जलवायु परिवर्तन, प्रदूषण आ स्थिरता के बारे मे जागरूक कयल गेल। कतेको स्थान पर स्वच्छता अभियान आ पौधा–रोपण कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

---

वायु सेनाक सूर्य किरण टीम आइ अभ्यास सत्रक दरमियान पटनाक जे.पी. गंगा पथ पर एयरोबैटिक–एयर शो मे अद्भूत कारनामा देखलनि। अठारह सय सतावन के क्रांतिक नायक बाबू वीर कुंवर सिंह कँे विजयोत्सवक अवसर पर ई कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि। सूर्य किरण टीमक जवान नाइन हॉक लड़ाकु विमान द्वारा हवा मे कतेको फॉरमेशन बनौलनि। एहि सँ पहिने सूर्य किरण के जांबाज वायु सेनाक हेलीकॉप्टर सँ पैराग्लाइडिंग शो के प्रदर्शन कयलनि आ आसमान मे राष्ट्रीय ध्वज लहरौलनि। एयर–शो के स्कूली बच्चा आओर आम लोक भरपूर आनंद लेलनि। मुख्य समारोह काल्हि आयोजित कयल जायत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एकर उद्घाटन

करताह। एयर–शो के दरमियान काल्हि सेहो जे.पी. गंगा पथ सँ लऽकऽ सोनपुर आ हाजीपुर धरि नो–फ्लाई जोन घोषित कयल गेल अछि।

—————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी चौबीस अप्रैल के मधुबनी मे आयोजित कार्यक्रमक दरमियान समस्तीपुर आ सहरसाक बीच नव सवारी गाड़ीक शुभारंभ करताह। ई जानकारी समस्तीपुर मंडलक रेल प्रबंधक विनय श्रीवास्तव देलनि अछि।

अररिया जिलाक रानीगंज थाना क्षेत्र अंतर्गत गीतवास नारायणपुर लऽग एक टा बस आ कारक टक्कर मे कार सवार एक बुजूर्गक मृत्यु भऽ गेलनि। एहि घटना मे पांच गोटे गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह।

पश्चिम चंपारण जिलाक रामनगरक मुडेरा पंचायत मे मुख्यमंत्री महिला संवाद जागरूकता कार्यक्रमक तहत महिला लोकनि कँ विभिन्न कार्यक्रमक जानकारी देल गेल। रामनगरक बीपीएम रत्न प्रीया ग्रामीण महिला सभ कँ योजना सभक जानकारी देलनि।

बक्सरक एक स्थानीय अदालत हत्याक मामिला मे दोषी तीन गोटे के आजीवन कारावासक सजा सुनौलक अछि। संगहि, एहि सभ पर बीस–बीस हजार टाकाक जुर्माना सेहो लगाओल गेल अछि।

—————————————————————

समाप्त